

# OPÒTINITE EGALEGO SE LALWA

Li pa legal pou benefisyè asistans finansyè federal diskrimine sou labaz kritè ki annapre yo: kont kèlkeswa moun Ozetazini poutèt ras, koulè, relijyon, sèks (sa ki gen ladann gwosès, akouchman, ak pwoblèm sante, esteriyotipaj seksyèl, sityasyon de transeksyèl, ak idantite seksyèl), orijin nasyonal (sa ki gen ladann konpetans limite nan lang Angle), laj, andikap, oswa afilyasyon politik, kwayans, oswa, kont kèlkeswa benefisyè de, aplikan pou, oswa patisipan nan pwogram ki gen asistans finansyè anba Tit I nan Lwa sou Inovasyon ak Opòtinite Mendèv (Workforce Innovation and Opportunity Act), sou labaz sitwayènte yon moun oswa patisipasyon li nan nenpòt WIOA Tit I- pwogram oswa aktivite ki gen asistans finansyè.

Yon benefisyè pa gen dwa diskrimine nan okenn nan sa kap swiv yo: deside ki moun ke y ap kite antre, oswa jwenn aksè, nan nenpòt pwogram oswa aktivite WIOA Tit I – ki gen asistans finansyè; bay opòtinite nan, oswa trete nenpòt moun konsènan, pwogram oswa aktivite sa yo; oswa pou fè desizyon anbochaj pou administrasyon oswa an rapò avèk pwogram ak aktivite sa yo.

Benefisyè asistans finansyè federal yo dwe pran etap rezonab pou asire ke kominikasyon ak moun ki enfim yo efikas menm jan ak kominikasyon yo gen ak lòt moun. Sa vle di ke, si yo fè demann lan, benefisyè yo sipoze bay moun andikape ki kalifye èd oksilyè apwopriye ak sèvis gratis.

## KI SA POU FE SI OU PANSE OU SIBI DISKRIMINASYON

Si ou panse ke yon moun ap fè diskriminasyon kont ou jan sa defini nan yon pwogram oswa yon aktivite Tit I WIOA- ki resevwa asistans finansyè, ou gen 180 jou depi dat ou te viktim diskriminasyon an pou ranpli yon plent konsènan vyolasyon an opre swa:

**Jerome Lewis, E.O. Manager**  
**GST Michigan Works!**  
**3270 Wilson St.**  
**Marlette, MI 48453**

**Or**

**Ms. Naomi M. Barry Perez, Director**  
**Civil Rights Center (CRC)**  
**U.S. Department of Labor**  
**200 Constitution Avenue NW, Room N-4123**  
**Washington, DC 20210**

Si ou pote plent ansanm opre benefisyè an, ou dwe tann swa jiskaske benefisyè an bay yon Avi Aksyon Final, oswa jiskaske yon delè 90 jou pase (depandan de sa ki vinn avan), avan ou ka depoze plent ou opre Sant Dwa Sivil lan (gade adrès anlè a). Si benefisyè an pa ba ou yon Avi Aksyon Final alekri nan yon delè 90 jou oplita apre jou ou te anrejistre plent ou a, ou ka anrejistre yon plent opre CRC an anvan ou resevwa avi sa a. Sepandan, ou oblije depoze plent CRC ou a nan yon delè 30 jou pandan delè 90 jou a (sa vie di, nan 120 jou apre jou ou te anrejistre plent ou a ak opre benefisyè an). Si benefisyè an ba ou yon Avi Aksyon Final sou plent ou pote a, men ou pa satisfè ak desizyon oswa rezolisyon an, ou ka voye yon plent ba CRC. Ou dwe anrejistre plent opre CRC 30 jou oplita apre dat ou te resevwa Avi Aksyon Final la.